

BAB III

PADIKA PANALUNGTIKAN


3.1 Rarancang Panalungtikan

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta *mix* métode atawa métode kombinasi. Sugiyono (2016) ngébréhkeun yén métode kombinasi nyaéta métode panalungtikan nu ngagagabungkeun antara métode panalungtikan kuantitatif jeung métode kualitatif.

Métode kuantitatif dilakukeun pikeun nyangkem jeung ngagambarkeun data sikep basa anggota Paguyuban WAJADA dina wangun angka (perséntase) nu satuluyna métode déskriptif dina pamarekan kualitatif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun data nu kapanggih. Métode kuantitatif sorangan nyaéta métode nu digunakeun pikeun nalungtik populasi atawa sampel nu tangtu, téhnik nyokot sampel umumna dilakukeun sacara acak, ngumpulkeun data ngagunakeun pakakas panalungtikan sarta analisisna miboga sipat kuantitatif/statistik jeung métode déskriptif nyaéta métode pikeun ngadéskripsikeun atawa ngagambarkeun paristiwa, kaayaan, situasi atawa fénoména anu aya di lapangan sacara nyata (Sugiyono, 2016). Panalungtikan kualitatif mangrupa panalungtikan pikeun maham fénoména anu dialaman ku subyék panalungtik kayaning paripolah, sawangan, motivasi jeung tindakan sacara nyaluruh jeung ngadéskripsikeun dina wangun basa atawa kekecapan patali jeung hiji kontéks, nu ngamangpaatkeun sawatara métode nu alamiah (Moleong, 2015, kc. 6).

Dumasar kana éta hal digunakeun métode kombinasi antara métode kuantitatif jeung métode déskriptif kalawan pamarekan kualitatif pikeun nyangkem, ngagambarkeun jeung ngadéskripsikeun data nu kapanggih tina hasil angkét. Data nu kapanggih mangrupa jumlah perséntase dumasar kana jawaban réspondén nu satuluyna éta data téh didéskripsikeun.

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun sikep anggota Paguyuban WAJADA kana basa Sunda. Ku kituna, dumasar kana métode kuantitatif jeung métode déskriptif kalawan pamarekan kualitatif, rarancang panalungtikan dirancang ku panalungtik pikeun prosés panalungtikan.



Bagan 3. 1: Rarancang Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

3.2.1 Data Panalungtikan

Data mangrupa kumpulan angka atawa huruf tina panalungtikan anu dilaksanakeun pikeun méré katerangan atawa informasi nu ngagambarkeun fénoména nu aya dina panalungtikan (Sugiyono, 2016). Dina ieu panalungtikan, data primer nu dimeunangkeun nyaéta tina hasil angkétnu anu ditujukeun ka anggota Paguyuban WAJADA Jawa Barat. Jumlah réspondénna aya 25 urang ngawengku 12 lalaki jeung 13 awéwé. Data panalungtikan dimeunangkeun sacara acak tina tilu entranan paguyuban WAJADA nu nyoko ka anggota taun 2021, 2023, jeung 2024.

Jumlah anggota WAJADA sabenerna aya leuwih ti 100 urang, tapi anggota nu aktif di unggal taunna kurang leuwih aya 25-30 urang. Dina taun 2020 jeung 2022, Paguyuban WAJADA teu ngayakeun pasanggiri, sabab taun 2020 harita mangsa sasalah Covid-19 jeung taun 2022 mah, sabab matuh kana program gawé DISPARBUD (Dinas Pariwisata dan Kebudayaan) yén pasanggiri téh diayakeunkeunna dua taun sakali.

Dina nangtukeun réspondén pikeun wawancara, ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik *purposive sampling*. Téhnik *purposive sampling* nyaéta téhnik nu miboga cara tinimbangan nu tangtu dina mawa sampel (Sugiyono, 2016, kc. 85). Ku lantaran anggota Paguyuban WAJADA sumebar di sababaraha daérah jeung teu netep di hiji tempat, katambah kawatesanna ku waktu panalungtikan sarta teu sakabéh partisipan sadia pikeun diwawancara, ku kituna jumlah anggota anu diwawancara téh diwatesanan nyaéta aya 5 urang.

3.2.2 Sumber Data

Ieu panalungtikan sumberna ti anggota Paguyuban Wanoja Jajaka Budaya Jawa Barat taun 2021, 2023, jeung 2024. Jumlah anggota di taun 2021 aya 24 anggota; taun 2023 aya 32 anggota; jeung di taun 2024 aya 34 anggota.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Data panalungtikan dikumpulkeun ngaliwatan angkétnu jeung wawancara anu ditujukeun ka anggota paguyuban Wanoja Jajaka Budaya Jawa Barat. Ku kituna,

téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik angkét jeung téhnik wawancara.

3.3.1 Téhnik Angkét Ngagunakeun Skala Likert

Angkét nyaéta salahsahiji téhnik pikeun ngumpulkeun data ku cara ngajukeun sajumlahing petélaan pertanyaan ka réspondén dina wangun tinulis pikeun dijawab (Sugiyono, 2016). Angket nu digunakeun nyaéta angkét tertutup, sabab opsi jawaban pikeun ngajawab pertanyaanna geus disadiakeun. Skala nu dipake pikeun ngukur jawaban dina angkét nyaéta skala likert 1-5, kayaning (5) satuju pisan, (4) satuju, (3) nétral, (2) teu satuju, jeung (1) teu satuju pisan. Éta skor digunakeun pikeun nganalisis sikep résponden kana obyék anu ditalungtik (Sugiyono, 2016, kc. 93)

3.3.2 Téhnik Wawancara Semi-Struktur

Wawancara nyaéta paguneman ku ayana maksud anu tangtu (Moleong, 2015, kc. 186). Dua jalma anu panggih pikeun nukeur informasi atawa ngaliwatan sési tanya jawab nepi ka bisa dirobah jadi ma'na dina hiji jejer anu tangtu nyaéta wawancara (Sugiyono, 2016, kc. 231). Wawancara anu digunakeun nyaéta wawancara semi-struktur. Wawancara semi-struktur mangrupa jenis wawancara nu tujuanna pikeun nimukeun pasualan nu leuwih terbuka, dina ieu wawancara narasumber diménta pamadegan atawa sawanganna (Sugiyono, 2016, kc. 233). Dina wawancara semi-struktur, panalungtik boga panduan wawancara ngeunaan sajumlahing pertanyaan, tapi ogé panalungtik bisa tanya hal séjén dumasar kana réspon narasumber.

3.4 Pakakas Panalungtikan

Pakakas panalungtikan nyaéta hiji alat anu digunakeun pikeun ngukur kajadian atawa fénoména sosial anu keur ditalungtik (Sugiyono, 2016). Alat anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta angkét jeung wawancara.

3.4.1 Padoman Angkét

Arikunto (dina Pratiwi, 2023) ngébréhkeun yén angkét atawa kuésioner mangrupa sajumlahing pertanyaan anu digunakeun pikeun meunangkeun informasi ti réspondén. Ieu angkét disebarkeun ka anggota Paguyuban Wanoja Jajaka Budaya Jawa Barat taun 2021, 2023, jeung 2024. Pertanyaan nu diajukeun ngawengku hal anu patali jeung tilu aspék, nyaéta kasatiaan basa, kareueus basa, jeung kasadaran ayana norma basa. Angkét disebarkeun ngaliwatan média sosial dina wangun ieu *link google form* <https://bit.ly/SikepBasaSundaWajada>. Anapon, kisi-kisi angkét panalungtikan bisa diilik dina tabél 3.1 di handap.

Tabél 3.1 Kisi-kisi Padoman Angkét

No.	Komponén	Sub Komponén	No. Soal
1.	Kasatiaan Basa	Tarékah pikeun ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé	Bagian A (1-10)
2.	Kareueus Basa	Basa Sunda salaku jati diri jeung lambang idéntitas	Bagian B (1-10)
3.	Kasadaran ayana Norma Basa	Pentingna tatakrama basa Sunda dina ngagunakeun basana salaku alat komunikasi	Bagian C (1-10)
4.	Kognitif	Pangaweruh pikeun maham tatakrama basa Sunda	No. 2, 3, jeung 5
5.	Afektif	Sikep nalika ngagunakeun basa Sunda	No. 2, 3, jeung 4
6.	Konatif	Paripolah jeung kaayaan anu dipaluruh dina kagiatan sapopoéna	No. 2, 3 jeung 4

Sikep kana basa patali jeung tilu komponén nyaéta komponén kognitif, aféktif, jeung konatif. Komponén kognitif patali jeung élmu pangaweruh ngeunaan gagasan nu biasana mangrupa katégori nu digunakeun dina prosés mikir. Komponén aféktif patali jeung pasualan pikeun ngajén hiji hal nu hadé, resep atawa teh resep kana hiji kaayaan. Komponén konatif patali jeung laku lampah atawa paripolah salaku “*putusan akhir*” dina méré réaksi kana hiji kaayaan (Lambert dina Chaer & Agustina, 2021, kc. 150).

3.4.2 Padoman Wawancara

Padoman wawancara digunakeun pikeun museurkeun wawancara sangkan saluyu jeung jejer nu ditalungtik jeung meunangkeun data ku cara méré pertanyaan-pertanyaan nu patati jeung sikep basa. Anapon, kisi-kisi padoman wawancara panalungtikan bisa diilik dina tabél 3.2 kisi-kisi padoman wawancara.

Tabél 3. 2 Kisi-kisi Padoman Wawancara

No.	Ranah	Sub Komponén
1.	Faktor-faktor nu mangaruhan sikep basa Sunda	Pangaruh lingkungan dina ngagunakeun basa Sunda
2.	Aféktif	Perasaan atawa sikep dina ngagunakeun basa Sunda
3.	Konatif	Sikep nu nyoko kana paripolah ngagunakeun basa Sunda
4.	Kognitif	Pangaweruh ngeunaan tatakrama basa Sunda nu digunakeun

3.4.3 Alat Rékam

Alat rékam anu dipaké miboga fungsi pikeun ngadokumentasikeun jeung ngarékam data-data nu dibeunangkeun ti réspondén. Alat rékam anu digunakeun nyaéta *handphone* tipe Redmi A1 jeung aplikasi Zoom Meeting's.

3.4.4 Aplikasi Médsos

Aplikasi médsos (média sosial) nu digunakeun pikeun nyebarkeun jeung nyangkem data sikep basa nyaéta aplikasi WhatsApp, sarta aplikasi nu digunakeun pikeun nyangkem data wawancara nyaéta aplikasi Zoom Meeting's.

3.5 Analisis Data

Data nu kapanggih tina hasil angkét ngeunaan sikep basa Sunda di Paguyuban WAJADA Jawa Barat diukur maké skala likert anu satuluyna diulik jeung didéskripsikeun. Data panalungtikan baris diolah ku tujuh léngkah ieu di handap.

- Data nu kapanggih dikumpulkeun jeung dititénan deui;
- Sakabéh data hasil angkét jeung wawancara dicatet;
- Nyieun transkripsi data;

- d) Data dipasing-pasing dumasar kana bagian-bagian dina padoman angkét ngeunaan sikep basa jeung hasil wawancara ngeunaan faktor-faktor nu mangaruhan sikep basa anggota Paguyuban WAJADA Jawa Barat;
- e) Data dianalisis jeung ngadéskripsikeun dumasar kana rumusan masalah;
- f) Nafsirkeun data; jeung
- g) Nyieun kacindekan dumasar kana hasil jeung pedaran dina panalungtikan anu geus dilaksanakeun.